



Pou Piblikasyon Imedya: 23/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AKSYON NAN TOUT ETA A APRE KA ANSEFALIT
EKIN LÈS KI KONFIME A**

Premye ka EEE imen New York depi 2015 nan Konte Ulster a mouri

***Eta a pibliye [deklarasyon](#) menas iminan a pou sante piblik epi li ankouraje
Nouyòkè yo pou swiv rekòmandasyon pou diminye risk maladi moustik transmèt***

***Gouvènè a te aktive plizyè ajans epi diminye kowòdinasyon ant eta a ak ofisyèl
sante lokal yo***

***Mezi yo enkli espere kont moustik, plis pwodui ki repouse ensèk pou vizitè nan
Pak Eta ak teren kanping yo, ak plis sansibilizasyon pou rezidan yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a, mezi pou pwoteje sante piblik nan tout eta a apre rapò ke premye ka ansefalit ekin lès (eastern equine encephalitis, EEE) imen nan New York depi 2015 lan te mouri. Depatman Sante (Health Department, DOH) Konte Ulster te mennen investigasyon sou ka a, ki te konfime nan Konte Ulster nan dat 20 septanm pa Sant Wadsworth, nan Depatman Sante Eta a.

Komisè Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te pibliye yon deklarasyon de yon Menas Iminan pou Sante Piblik pou EEE. Deklarasyon an debloke resous Eta yo pou ede sipòte repons prevansyon kont EEE a ak aktivite depatman sante lokal yo – ki enkli efò espere kont moustik yo – soti 30 septanm rive 30 novanm 2024.

Touswit apre ka EEE ki konfime a, Gouvènè a te aktive divès ajans Eta – ki enkli Depatman Sante, Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Depatman Pak (Parks Department) – nan yon repons solid, kowòdone pou ogmante aksè nan pwodui pou repouse ensèk nan pak Eta ak teren kanping yo, ogmante sansibilizasyon piblik la epi ankouraje Nouyòkè yo swiv rekòmandasyon pou diminye risk maladi ki soti nan moustik.

"Kenbe Nouyòkè yo an sekirite se premye priyorite mwen," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Apre premye ka EEE imen ki konfime a, administrasyon mwen an te pran mezi nan tout eta a pou ede pwoteje kominote yo – epi ak deklarasyon jodi a, n ap rann plis resous Eta a disponib pou depatman lokal yo pou sipòte repons sante piblik yo. Nou

te enfòm ke pasyan sa te mouri ak EEE a, nou voye senpati nou epi panse nou ale jwenn fanmi li."

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) Eta ap mete pwodui pou repouse moustik disponib pou vizitè pak yo nan biwo bak yo, sant vizitè ak biwo teren kanping yo. Pak Eta yo ap mete siyalizasyon nan Pak ak Sit Istorik yo pou konsyantize de EEE a epi konsilte ak depatman sante lokal yo nan zòn ki afekte yo konsènan orèk pak limit yo ak disponiblite kanping lan pandan lè pik aktivite moustik yo.

Anplis, DEC ap mete siyalizasyon nan etablisman, teren kanping, pwèn depa santye Hudson Valley ki popilè yo, sant edikasyon anviwònmanal yo, ak lòt teren Eta yo pou konsyantize konsènan EEE a. DEC ak Pak Eta yo ap alète patwon ki gen rezèvasyon nan teren kanping yo tou sou mezi prevansyon yo ka pran pou evite moustik yo mòde yo. DOH, DEC ak Pak Eta yo ap lanse tou yon kanpay rezo sosyo pou konsyantize de EEE a ak lòt patojèn moustik yo transfere ak mezi pou evite moustik yo mòde w ki enkli pwodui pou repouse, kouvri zòn nan po a ki ekspoze, epi evite aktivite deyò bonè nan maten ak lè li fè nwa.

Komisè Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare, "Ansefalit ekin lès la diferan ane sa. Byenke nou remake moustis sa yo nòmalman nan de a twa konte chak ane, ane sa yo te nan 15 konte jiska prezan, epi yo epapiye nan tout Eta New York. Maladi moustik transmèt ki menase lavi sa pa gen okenn vaksein imen ki disponib komèsyalman epi yo dwe pran sa oserye. Moustik, ki te yon nwizans yon fwa, vin yon menas kounye a. Mwen ankouraje tout Nouyòkè pou evite pou moustik mòde yo lè yo itilize pwodui ki repouse moustik, mete rad manch long epi retire dlo ki chita toupre lakay yo. Sezon otòn nan rive sou nou ofisyèlman, men moustik yo ap nan anviwònman an jiskaske atenn plizyè nwit ak tanperati ki depase glase."

Komisè Tanporè Pak Eta yo, Randy Simons, te deklare, "Nou ankouraje vizitè pak ak pasyone anplennè yo pou yo konnen risk EEE yo epi pran prekosyon pou evite moustik mòde yo. N ap kontinye kowòdone ak Depatman Sante eta a ak ajans sante piblik lokal yo sou tout mezi ki rekòmande pou abòde pwoblèm sa."

Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta a, Sean Mahar, te deklare, "Ansefalit ekin lès la se yon enkyetid serye, espesyalman pou sila yo ki pase tan deyò k ap pwofite de sezon otòn nan. DEC ap kontinye kowòdone depre ak Eta nou an ak patnè lokal yo pou ede asire ke Nouyòkè yo okouran de risk ak prekosyon yo ka pran pou evite maladi moustik transmèt yo."

Se Sant Wadsworth ki te idantifye ka imen ki resan nan New York la. Lòt eta ki enkli Massachusetts, Vermont, New Jersey, Rhode Island, Wisconsin ak New Hampshire, te rapòte ka EEE imen tou ane sa. Dizwit ka EEE te idantifye nan cheval atravè 12 konte nan Eta New York ane sa.

Ansefalit Ekin Lès (EEE) se yon maladi viral grav ki ra, ke moustik ki enfekte pwopaje ki ka afekte moun ak cheval. Moun tout laj ka enfekte, men moun ki gen plis pase 50 ane ak mwens pase 15 zan gen plis risk pou yo devlope sentòm grav viris la.

Byenke pifò moun yon moustik ki enfekte mòde p ap devlope okenn sentòm, ka grav yo ka kòmanse ak aparisyon tèt fè mal toudenkou, gwo lafyèv, frison ak vomisman. Answit maladi a ka pwogrese an dezoryantasyon, kriz, ansefalit, ak koma. Apeprè yon tyè nan pasyan ki devlope EEE mouri, pandan ke anpil pasyan ki siviv EEE fè eksperyans andikap newolojik.

Pa gen okenn vaksen imen ki disponib komèsyalman pou EEE epi pi bon pwoteksyon an se evite moustik mòde w.

Prekosyon sa yorekòmande pou diminye risk enfeksyon EEE ak lòt maladi moustik transmèt:

- Anvizaje mete manch long epi antre pantalon andedan chosèt ak chemiz andedan pantalon lè w deyò lè li fè nwa oswa bonè nan maten lè moustik yo pi aktif.
- Itilize pwodui pou repouse ensèk ki genyen DEET. Asire ou ke ou swiv enstriksyon yo sou etikèt pwodui ki repouse ensèk yo. Timoun yo pa ta dwe manyen pwodui ki repouse moustik yo dirèkteman. Olye de sa, granmoun yo ta dwe aplike pwodui pou repouse moustik yo nan men yo dabò epi pwopaje dousman sou po timoun ki ekspoze a. Evite aplike l dirèkteman nan men timoun yo. Lè w retounen andedan kay la, lave po ak rad ki trete pitit ou a ak savon ak dlo oswa bay timoun nan yon beny.
- Asire ke gen moustikè nan fenèt ak pòt kay yo. Asire w ke moustikè yo pa chire, rpi yo pa gen twou.
- Elimine tout dlo ki chita nan lakou toutotou kay la ak pwopriyete kote moustik yo ka repwodui, ki enkli resipyan an plastik, kouvèti pisin, pisin pou timoun, po an seramik, tiyo evakyasyon ki bouche ak bourèt. Epitou, chanje dlo nan beny zwazo yo de fwa pa jou.

Pou plis enfòmasyon konsènan EEE a, ale sou [sitwèb](#) DOH la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)